

5 FASON KI FASIL POU

Sipòte sante mantal adolesan w nan

1

Ede adolesan w nan konprann li fè pati lekòl kominotè a.

- Pale sou lekòl souvan nan kay la. Di adolesan w nan kisa w wè l ap aprann ak akonpli.
- Sipòte patisipasyon adolesan w nan nan aktivite ekstraeskolè.

Mwen konnen klas ou yo pi difisilane sa a, men mwen fyè sou fason w _____

2

Sipòte relasyon adolesan w nan ak pwofesè l yo.

- Mande adolesan w nan ki pwofesè oubyen lòt adilt nan lekòl la li santi ki sipòte l.
- Asire w pwofesè a oubyen konseye eskolè a konnen si adolesan w nan santi l pou kont li oubyen yo mal akeyi l lekòl la.

Ak kiyès ou ka pale si bagay yo difisil lekòl la?

3

Viv tradisyon fanmi ak lekòl yo ansanm.

- Ankouraje adolesan w nan pou l pataje ak zanmi l epi pwofesè l tradisyon kiltirèl oubyen familyal ki enpòtan pou fanmi w oubyen kominote w la.
- Patisipe nan tradisyon lekòl la ak adolesan w nan (Egzamp: Asiste konsè lekòl la).

*Ann selebre ansanm!
Ou sonje ane pase lè...*

4

Sipòte konpòtman ki konstwi siksè ak byennèt.

- Pale sou abitid somèy ki sen (Egzamp: Dòmi bonè regilyèman).
- Ankouraje aktivite ki mache ak enterè adolesan w nan epi ki konstwi konpetans pou rezoud pwoblèm (Egzamp: Espò, yoga, mizik, teyat).

Kisa w bezwen fè jodi a pou w atenn objektif ou? Eske w bezwen èd nan men m?

5

Kontinye konstwi relasyon ki ankourajan nan kay la.

- Amize nou ansanm kòm fanmi, n ap fè sa lè nou jwe jwèt, fè manje ansanm elatriye.
- Fè konvèrsasyon senp chak jou ak adolesan w nan sou lekòl, zanmi ak plis toujou.

Kijan w santi w konsènan _____ ?